



Pou Piblikasyon Imedya: 24/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHA PLIS PASE 2,428 EKTA KI PWOTEJE NAN KONTE OSWEGO

Acha Rivyè Salmon ak Tug Hill yo se Pi Gwo Acha nan Rejyon an nan 45 An– K ap Pwoteje Plis Pase 2,428 Ekta Pou Lwazi nan La Nati ak Rekòt Pwodwi Forestye

Gouvènè a Estoke 200 Twit Mawon Natif nan Rivyè Salmon ak Twit ki Soti nan Kouvez Pwason Eta a

Acha Teren nan Konte Oswego yo Sipòte Devlopman Ekonomik nan Kominote Riral yo

Konplete pwojè “Central NY Rising” – ki se Inisyativ Gouvènè Cuomo pou Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a ki reyisi, pou Devlope Ekonomi Rejyonal la atravè Touris

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke eta a te achte plis pase 2,428 ekta pwoteje nan Konte Oswego, pi gwo akizasyon tè eta a nan New York Santral nan 45 an. Zòn sa yo Enkli anviwon 1,143 ekta sou tout Rivyè Salmon nan, yon destinasyon yo aklame kòm destinasyon pèch entènasyonal ak 1,310 ekta forestye pou travay nan alantou vil Redfield ak Orwell. Acha tè forestye sa ap ede sekirize peyizaj travay rejyon Tug Hill ki founi sipò ekonomik vital bay kominote lokal yo. Kat jewografik acha a disponib [isit la](#).

“Lè n pwoteje resous natirèl valab yo nan rejyon pafè Rivyè Salmon ak Tug Hill yo, sa ap benefisyè anviwonman an, soutni opòtinite ekonomik pou kominote lokal yo, epi prezève bote natirèl san parèy rejyon an pou jenerasyon Nouyokè k ap vini yo”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Rivyè Salmon nan se yon trezò rejyonal, ki ebèje kèk nan meyè somo ak twit pèch nan mond lan, e lè n pwoteje tè forestye Tug Hill la, nou asire pwodiksyon kontini resous bwa, garanti kalite dlo Rivyè Salmon nan, epi asire aksè piblik la nan opòtinite lwazi anplennè rejyon an.”

Delege pa Entèrim Depatman Pwoteksyon Anviwonman (Department of Environmental Conservation, DEC), Basil Seggos te deklare: “Gouvènè Cuomo kontinye fè pwoteksyon ak konsèvasyon resous natirèl New York yo, yon priyorite. Pami espas natirèl ki pi presye yo, rejyon Rivyè Salmon ak Tug Hill la ofri divès kalite opòtinite lwazi, ki enkli pwomnad, ski, siklis montay, lachas, pèch, ekitasyon, osèvasyon

zwazo, ansanm ak resous bwa presye. Eta New York ap kontinye travay ak òganizasyon tankou Fon Konsèvasyon (Conservation Fund) ak Prezèvasyon La Nati a (The Nature Conservancy), kominote rezidan ak gouvènman lokal yo pou pwoteje espas natirèl presye sa yo.”

Rose Harvey, ki se Komisè Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), te deklare: “Jodi a n ap franchi yon lòt etap pou pwoteje resous natirèl nou yo pou tout Nouyokè. Sou direksyon Gouvènè Cuomo, New York ap fè nouvo investisman nan sit rekreatif yo tankou Rivyè Salmon nan tout eta a, k ap kreye nouvo opòtinite pou rezidan ak touris yo menm jan. Gouvènè a rekonèt gwo opòtinite pou amizman anplennè atravè eta a. Ke w ap peche, chase, fè kanping, pwomne, monte bisiklèt oubyen monte moto nèj, espas anplennè espektakilè New York yo gen yon bagay pou ofri chak moun.”

Acha Rivyè Salmon nan

Rivyè Salmon nan etann sou 31 kilomèt soti nan Rezèvwa Rivyè Salmon nan Redfield rive nan kote li jete nan Lak Ontario a nan Port Ontario. Li se fwaye yon koleksyon rekò mondyal nan ane 1989—yon somon coho ki peze 33 liv. 4 oz—rivyè a posede 19 kilomèt Dwa pou Pèch Piblik sou tout ban li yo e li atire pechè ki soti toupatou nan lemond. Tè yo fèk achte yo soti nan pwent lès vilaj Pulaski ki an amon sou tout seksyon rivyè a rive nan vwazinaj Elvaj Pwason Rivyè Salmon nan, nan Atmar ak Rezèvwa nan zòn Anba Rivyè Salmon nan vil Orwell. Lòt gwo pasrèl acha a twouve l nan alantou Zòn Anwo Rezèvwa Rivyè Salmon nan, nan vil Redfield. Acha a ap ogmante pwen aksè pou lapèch pou pechè liy yo epi ede fasilite amelyorasyon sou tout ban rivyè yo pou abòde pwoblèm ewozyon an.

Eta a achte tè a nan kad yon dekrè konsantman an 2005 Eta New York la te pote ki afime ke Niagara Mohawk ak kèk lòt sèvis piblik New York te pa t respekte previzyon Lwa Lè Pwòp (Clean Air Act) federal la ki t ap dirije divès izin elektrik nan tout Eta a. Pou te regle ka a, Niagara Mohawk te fè yon akò pou transfere tè ki nan zòn Rivyè Salmon nan, ki te vo 3 milyon dola nan moman an bay Eta New York pou rezon konsèvasyon, lwazi ak edikasyon. Rezo Nasyonal la (National Grid) ap kontinye fè transmisyon elektrik la fonksyone epi mentni li ak etablisman distribisyon ki sitiye nan tè sa yo, kote enstalasyon sa yo founi sèvis ki esansyèl pou konsomatè nan rejyon nò New York.

DEC a ap pwopoze règleman pou pwoteje 688 ekta ki sitiye a kote Rivyè Salmon yo pou prezève koridò rivyè a lè l kontwole kanping, dife kan, moto nèj ak tiraj sible. Règleman ki pwopoze yo ap konfòm ak itilizasyon pwopriyete piblik la pandan Rezo Nasyonal la posede l. DEC prevwa tou pou etabli nouvo pis sou tout pwopriyete a, konstwi nouvo espas paking, epi ogmante opòtinite chas ak pyèj sou tè k ap deziyen kòm Forè Eta yo. DEC a ap devlope yon plan prensipal pou lwazi ak restorasyon pou tè Rivyè Salmon yo, k ap livre pou kòmantè piblik nan fen ane sa. DEC a te deja anonse 500,000 dola nan travay restorasyon an amon sou tout koridò rivyè a.

Elvaj Rivyè Salmon DEC a, ki te konstwi an 1980, founi tout somon Pasifik ki estoke nan Gran Lak la yo. Estokaj Lak Ontario a genyen ladan l: 1.76 milyon aleven Chinook; 245,000 ti bèt en an ak aleven Coho; 623,000 twit tèt asye ak twit lakansyèl; 50,000 somon anklave; plis pase 392,000 twit mawon; e nan kowoperasyon ak patnè federal yo, DEC estoke 500,000 twit lak nan yon efò pou restore espès sa nan Gran Lak.

DEC te investi plis pase 1 milyon dola pou amelyore enstalasyon Elvaj Rivyè Salmon nan, ak lòt investisman plis pase 2.2 milyon dola nan 2017 ak 2018. Reparasyon enfrastrikti resan pou amelyore kapasite enstalasyon elvaj la enkli yon nouvo twati, twati sant vizitè a, ak modènizasyon tiyo apwovizyonman dlo a. Anplis, pwi ki nan etablisman yo te reyabilite pou ogmante quantite dlo pwi bon kalite e yo te fè yon etid konsèp pou sistèm reutilizasyon dlo. Pwojè sa nan faz konsepsyon kounye a.

Pwopriyete Kendall, Tè Forestye Tug Hill

Yon espas konsèvasyon priyorite nan Plan Espas Ouvè Eta a, pwopriyete 3,236 kawo Kendall la ki sitiye nan nò Rezèwa Rivyè Salmon nan, anfonse nan yon peyizaj ki gen tè eta ki la deja ak aksè travay forestye yo. Fon Konsèvasyon an te achte tè a an 2015 sou demand Eta a atravè [Fon Travay Forestye \(Working Forest Fund\)](#)® li a ak sipò jenere Fondasyon Richard King Mellon. DEC te pran pwopriyete Kendall la sa pa gen lontan, lè l itilize 4,750,000 dola ki soti nan Fon Pwoteksyon Anviwonman Eta a.

Nouvo tè Forrestye Eta a ap ede frennen vag divizyon tè riral la, ki koute vil yo jeneralman plis lajan nan sèvis ke yo resevwa nan taks sou pwopriyete yo. Lè Eta a posede forè travay, tankou Kendall la, se vil yo ki sipòte l, paske sa ede konsève aksè ak travay tradisyonèl yo pandan y ap pwoteje bidjè vil yo. Tè forestye ki sitiye nan Espas Zwazo Enpòtan Audunbon, Tug Hill la, sipòte marekaj akote yo tou ki founi abita vital pou yon varyete zwazo migratwa ki devlope nan anviwonman pezib, entèn forè a yo.

Lwazi anlennè, ki enkli chas, pèch ak liy, ak obsèvasyon fòn, se kontribisyon enpòtan nan ekonomi New York, patikilyèman nan rejyon nò a. Yo estime gen 823,000 chasè ki kontribye a anviwon 1.6 milya dola nan ekonomi eta a chak ane. Yo estime gen 1.9 milyon pechè pwasyon nan dlo New York yo chak ane ki gen yon epak ekonomik 2 milya dola anviwon. Anplis, anviwon 4.2 milyon obsèvatè fòn kontribye apeprè 4 milya dola nan enpak ekonomik chak ane.

Nan bidjè ane fiskal 2017 la, Inisyativ New York Ouvè pou Lapèch ak Lachas Gouvènè Cuomo a founi 3 milyon dola pou pwojè aksè tèrès Eta a ak 4 milyon dola pou enfrastrikti lachas ak lapèch. Bidjè Ane Fiskal 2016 la pwopoze tou pou kreye yon nouvo kont kapital ke y ap itilize ansanm avèk fon federal Pittman-Robertson nan pou jere, pwoteje epi restore abita pwason ak fòn, e pou amelyore epi devlope aksè piblik pou pwason ak lwazi ki gen rapò avèk fòn.

Angajman ane sa apiye finansman 6 milyon dola pou 50 nouvo pwojè anvan an, pou bay aksè a apeprè 153,780 ekta eta a ki egziste pou rekreyasyon, ki enkli lansman bato,

zòn pou gade zwazo, santye, ak magazen lachas, ak 8 milyon dola pou modènizasyon ak amelyorasyon kouvez pwason nan tout eta a.

Komisè Gouvènman Jeneral Eric Schneiderman, ke biwo li te revize epi apwouve tranzaksyon an, te di: “Yon anviwonman ki stab ke tout Moun New York ka jwi, enpòtan anpil pou dirabilite eta nou an. Mwen kontan ke zòn vyèj sa ap prezève epi pwoteje pou ane k ap vini yo.”

Senatè Patty Ritchie te deklare: “Rivyè Salmon nan se youn nan pi gwo wout navigab natirèl eta a, ki atire pechè ki soti toupatou nan lemond ak opòtinite klas mondyal pou lapèch, pandan l ap pouse ekonomi lokal la epi kreye djòb an menm tan. Mwen aplodi acha teren sa, k ap ede pwoteje Rivyè Salmon pou pechè liy yo ak sila yo ki pral amize alavni yo, epi tou k ap ogmante aktivite touristik plis nan New York Santral.”

Manm Asanble Will Barclay te deklare: “Mwen felisite Delege Seggos ak DEC pou detèminasyon yo pou reyalize akizisyon tè sa sou Rivyè Salmon nan. Acha pwopriyete sa pa eta a ap gen gran avantaj pou piblik la, pou pechè yo ak pou sila yo ki konte sou touris nan rejyon sa, ki ka ogmante sèlman lè nou ajoute aksè. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a, Delege a, ak pèsonèl DEC a pou travay yo nan sa.”

Majistra Pulaski, Karl Hax Jr., te deklare: “Nou kontan ak lidèchip Gouvènè Cuomo a pou ogmante pwoteksyon abita enpòtan yo nan rejyon an ki esansyèl pou devlope epi amelyore lwazi anplennè nan kominote a. Ekonomi nou an konstwi sou touris ki soti nan lapèch, e mwen aplodi travay DEC a ak administrasyon Gouvènè a.”

Tom Duffus, Vis Prezidan ak Repezantan Nòdès pou Fon Konsèvasyon an, te deklare: “Forè ak dlo abondan e ki souvan lwen rejyon Tug Hill New York Santral yo enpòtan anpil pou kominote alantou yo, pou avantaj ekonomik yo bay atravè endistri bwa a e pa aktivite rekreyatif anplennè inik k ap ogmante deplizanpli, tankou lachas, espò lapèch klas mondyal, ak moto nèj nan kèk nan chit nèj ki pi lou nan Etazini an. Nou kontan pou kontinye patenarya nou an ak NYS DEC ak vil tankou Redfield pou pwoteje tè forestye kominote a - e ki enpòtan nan tout eta a; nou rekonesan pou sipò kontini Fondasyon Richard King Mellon ak Fon Pwoteksyon Anviwonman an; e nou angaje pou jwenn solisyon konsèvasyon k ap amelyore vitalite kominote a.”

Melanie Littlejohn, Direktè Egzekitif Rejyon Nò New York pou Rezo Nasyonal la, te deklare: “Rezo Nasyonal la kontan pou atenn yon etap enpòtan nan yon transfè tè enpòtan sou tout Rivyè Salmon nan bay Eta New York. Nou pran angajman nou pou jesyon dirab ak anviwonmantal, e ak patenarya nou sipòte nan non konsomatè nou yo, akò sa ap prezève yon resous natirèl espektakilè pou jenerasyon fanatik anplennè nan kominote lokal ke nou fyè pou n sèvi yo.”

Jim Howe, Direktè Branch Prezèvasyon Nati nan Lwès ak Santral New York, te deklare: “Soti nan sous li nan Tug Hill pou ale nan tout pakou li nan Lak Ontario, Rivyè Salmon nan founi abita ki enpòtan pou fön nan ak amizman san limit pou fanatik anplennè yo. Nou aploi Gouvènè Cuomo ak DEC a pou lidèchip yo nan konsèvasyon

Rivyè Salmon pou jenerasyon k ap vini yo. Lè n achte teren sa yo, Eta New York ap an mezi pou pwoteje rejyon sa pou moun ak lanati. Nou felisite Eta a pou gwo gen sa pou Rivyè Salmon, yon trezò natirèl ak ekonomik.”

David Turner, Direktè Depatman Devlopman Kominotè, Touris ak Planifikasyon Konte Oswego (Oswego County Department of Community Development, Tourism and Planning), te deklare: “Lapèch se yon biznis milti milyon dola nan Konte Oswego, e Rivyè Salmon se nwayo li. Pechè soti toupatou nan Etazini e literalman toupatou nan lemond pou peche isit la - soti Kolonbi Britanik, Brezil, Chinn, Costa Rica, Almay, Iland, Dannmak, Japon, ak Wisi. Yo pase lannwit, anboche gid pou lapèch, manje nan restoran nou yo, epi achte atik pou lapèch ak lòt ekipman. Acha teren sa ap pèmèt DEC a amelyore opòtinite ak eksperyans anplennè yo plis pou moun amize yo nan Konte Oswego.”

Katie Malinowski, Direktè Egzekitif Delegasyon Tug Hill Eta New York la, te deklare: “Rivyè Salmon ak basen vèsan li yo se resous natirèl ki enpòtan nan rejyon Tug Hill la, e kominote nou yo kontan pou wè akizisyon sa reyalize. Delegasyon Tug Hill la apresye efò ak investisman Eta a pou sekirize tè sa yo pou bay pwoteksyon alontèm pou benefisyè kalite dlo, opòtinite lwazi ak devlopman ekonomik.”

DEC jere 18.6 milyon ekta piblik, ki gen ladan 1.2 milyon ekta nan rezèv forè Adirondack ak Catskill yo, 52 tèren kan, sèt espas yo itilize lajounen, plis pase 8047 kilomèt santye fòmèl, ak anpil milye pwen depa santye, anbakasyon bato, ak apontman pou lapèch yo. Planifye pwochen avanti anplennè ou sou www.dec.ny.gov/outdoor, epi konekte avèk nou sou Facebook, Instagram oswa Twitter.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418